**PUPUH XXXVI: PANGKUR (8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i)**

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 1. | Basah Ngabdul Muhyi ika<br>mapan ingkang dadya p#ngarseki,<br>pan sewu prajuritipun,<br>s#palih kang bin#kta,<br>tan winarna Sri Nalendra sampun rawuh,<br>ing Go-(**h135**)-wong sawadya kuswa,<br>Tuměnggung Gowong pan kalih, | Basah Abdul Muhyi<br>yang menjadi pemimpin<br>seribu prajurit.<br>(Hanya) setengah yang dibawa.<br>Tidak dikisahkan (kembali). Sang Raja sudah tiba<br>di Gowong beserta bala tentara.<br>Kedua Tumenggung Gowong |
| 2. | Tuměnggung Gajah Prěmada,<br>lan Tuměnggung Krětadesa nameki,<br>nulya dhinawuhan sampun,<br>marang Raden Dipatya,<br>kinon karya pasanggrahan mapan iku,<br>kang cělak beteng sěpuran,<br>sandika kalih tur neki, | Tumenggung Gajah Premada<br>dan Tumenggung Kretadesa namanya.<br>Sudah diperintahkan<br>oleh raden adipati<br>untuk membangun pesanggrahan<br>di dekat benteng Sepuran<br>“Siap” jawab keduanya. |
| 3. | Tan winarna sampun dadya,<br>pan ning Wanasraya nama nireki,<br>nulya tur uninga sampun,<br>budhal Sri Nanata[1],<br>saking Pucang myang sawadya kuswa iku,<br>wus rawuh ing Wanasraya,<br>tigang dintěn wontěn margi, | tidak diceritakan (pengerjaannya) sudah selesai<br>di (daerah) Wanasraya namanya.<br>Setelah diberitahu, segera<br>berangkat paduka raja.<br>Dari Pucang bersama seluruh prajurit<br>telah sampai di Wanasraya.<br>Tiga hari dalam perjalanan, |
| 4. | Kalawan beteng sepuran,<br>mapan sampun něnggih katingal neki,<br>nanging ělat jurang iku,<br>langkung pakewědira,<br>nging kuciwa těbih toya tadhah iku,<br><br>susah sagung pra ulama,<br>kangelan ngibadah neki, | dan benteng Sepuran<br>sudah (mulai) terlihat,<br>tetapi itu di antara jurang<br>sangat sulit (perjalanannya) .<br>Namun yang mengecewakan (adalah) jauh dari tempat air<br>(sehingga) semua ulama (menjadi) susah,<br>kesulitan dalam menjalankan ibadah. |
| 5. | Nulya na marmaning sukma,<br>mapan samya manggih sěndhang pribadi, | Lalu datang anugerah Sukma<br>(mereka) menemukan sendang sendiri, |

[1] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | saběn-saběn pondhok iku,<br>lan wong Pagělan samya,<br>lědho(**h136**)k Gowong prapta<br>wěwadeyanipun,<br>sěbarang wontěn sadaya,<br>datan kirang tědha sami, | si setiap rumah itu,<br>dan warga Pagelan semua.<br>Datang para pedagang ke Ledok Gowong<br>aneka barang ada semua,<br>tidak kekurangan makanan. |
| 6. | Měngkana beteng sěpuran,<br>langkung kathah beteng kang samya<br>prapti,<br>laknat dados kalih iku,<br>něnggih barisanira,<br>ing sěpuran lawan ing kědalon,<br>mapan samya kathahira,<br>Basah tiga rěmbag sami, | Begitulah benteng Sepuran<br>lebih banyak benteng yang dibangun.<br>Laknat menjadi dua (kelompok)<br>yaitu barisannya<br>di Sepuran juga di Kedalon,<br>sama banyaknya.<br>Tiga basah berdiskusi bersama |
| 7. | Sarěng sinabět punika,<br>Basah Ngabdul Muhyi dipunběbahi,<br>nginggahi sěpuran iku,<br>lawan Gajah Prěmada,<br>Seh  Muhamad Ngusman Li Basah iku,<br>nginggahi Kědalon ika,<br>lawan Basah Ngabdul Latip, | bahwa setelah diserang,<br>Basah Abdul Muhyi diberi tugas<br>untuk menyerang Sepuran<br>bersama Gajah Premada,<br>Seh Muhammad Usman Ali Basah<br>menyerang Kedalon<br>bersama Basah Abdul Latif, |
| 8. | Puthutlawa Janěgara,<br>karsanira wau Sri Narapati,<br>binantokaken puniku,<br>mring Usman Ali Basah,<br>sampun dadya rěmbagnya sadaya sagung,<br>měngkana enjang winarna,<br>gya němbang těngara jurit, | Puthutlawa, dan Jayanegara.<br>Keinginannya paduka raja<br>itu diperbantukan<br>kepada Usman Ali Basah,<br>sudah menjadi rembuknya semua.<br>Begitu lalu diceritakan pagi hari<br>segera membunyikan pertanda perang |
| 9. | Sumahab kang wadya kuswa,<br>sarěng mangkat wau Basah katri,<br>mapan anglir watu turu(**h137**)n,<br>něnggih saking ing arga,<br>pan panuju laknatolah mapan ayun, | Sudah penuh prajurit<br>ketiga basah berangkat bersama-sama<br>bagaikan batu menggelinding<br>dari atas gunung<br>ketika barisan laknatullah hendak |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | mara kalih lampahira,<br><br>kadya wus karsaning Widi, | membagi dua (kelompok pasukan) dalam perjalanan.<br>Seperti sudah kehendak Widi, |
| 10. | Kapěthuk ing Jělatar,<br>Dolah Khaji Ngabdul Kadir wawěling,<br>dhumatěng ing rangganipun,<br>yen ingsun měngko prapta,<br>sabilolah poma aja sira rěbut,<br>kabeh kanca poma-poma,<br>dimen rusak jisim mami, | (mereka) berpapasan di Jelatar.<br>Dulah Haji Abdul Kadir berkata<br>kepada rangganya,<br>"Jika aku nanti datang,<br>Sabilullah sungguh jangan kamu rebut,<br>Semua prajurit hendaknya (tidak merebut)<br>meski sampai rusak tubuhku". |
| 11. | Měngkana sarěng katingal,<br>měngsah lajěng ngědrel mriyěmi[2],<br>wadya Eslam lajěng němpuh,<br>Seh Dolah Haji ika,<br>Ngabdul Kadir mapan anrěrajang purun,<br>Bulkiya lawan Tamtama,<br>Mantri jro ngamuk sami, | Demikian ketika terlihat<br>musuh kemudian menembakkan meriam,<br>lalu prajurit Islam menyerang.<br>Syekh Dulah Haji<br>Abdul Kadir bertekad menyerang<br>(bersama) Bulkiya dan Tamtama.<br>*Mantri Jero* mengamuk semua. |
| 12. | Kadya wus karsaning sukma,<br>Dollah Haji Badarrodin pan prapti,<br>dhumatěng ing jangjenipun,<br>wantu Seh Dolah ika,<br>Ngabdul Kadir yen uning mring laknat iku,<br>wus ical kang subasita,<br>nirbaya tanpa wigati, | Seperti sudah kehendak Hyang Sukma,<br>Dulah Haji Badarrudin datang<br>memenuhi janjinya<br>membantu Syekh Dulah.<br>Abdul Kadir ketika pada laknat itu<br>sudah hilang tatakrama,<br>berani tanpa tedeng aling-aling. |
| 13. | Lan Mas Prawira Deksana,<br>mapan ma(**h138**)tri lěbět puniki,<br>pan sarěng pangamukipun,<br>kalih putung watangnya,<br>pan kělajěng prapta ing sabillolahu,<br>rinubung mring laknatollah,<br>Seh Haji Mustapa uning, | Dan Mas Prawira Deksana<br>*mantri lebet* ini<br>bersamaan amuknya<br>kedua tombaknya patah.<br>lalu sabilillah<br>dikepung oleh laknatullah.<br>Syekh Haji Mustafa berkata |

[2] Kurang dua suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
| --- | --- | --- |
| | | |
| 14. | Lawan Raden Puthutlawa,<br>samya ngamuk ngrĕbut kunarpa neki,<br>myang sagung prajurit iku,<br>sarĕng majĕng sadaya,<br>kathah mundur laknat kalindhih prangipun,<br>ing Sĕpuran pan mĕngkana,<br>prangnya Basah Ngabdul Muhyi, | pada Raden Puthutlawa<br>emua mengamuk memperebutkan jenazah<br>bersama segenap prajurit ini<br>semuanya maju bersama-sama.<br>Banyak laknat yang mundur (akibat) kalah perang<br>di Sepuran. Demikian ini<br>pertempurannya Basah Abdul Muhyi |
| 15. | Kirang kĕdhik pan meh bĕdhah,<br>betengira laknat wus geger iki,<br>kang neng jro beteng iku,<br>pan katingal kewala,<br>saking pĕsanggrahan ing Wanasrayeku,<br>samya suka gung tumingal,<br>mring solahe laknat sami, | kurang sedikit lagi sudah akan hancur<br>bentengnya. Para laknat sudah heboh<br>yang berada di dalam benteng itu.<br>Terlihat saja<br>dari pesanggrahan Wanasraya<br>semuanya senang (sebab) melihat<br>tingkah polah para laknat. |
| 16. | Mapan dereng untungira,<br>kapal Li Basah sukunya kalih,<br>kenging ing mariyĕm rampung,<br>pĕjah panji pan tiga,<br>ingkang prapta kang sabilolah puniku,<br>dadya samya mundurira,<br>mapan kĕsaput ing wĕngi | Belum beruntung<br>kuda (milik) Ali Basah kedua kakinya<br>terkena meriam.<br>Tiga panji tewas.<br>Yang datang hendak sabilullah itu,<br>menjadikan semua mundur<br>sebab sudah terhalang malam. |
| 17. | Mapan sarĕng undurira,<br>ingkang saking Jĕlatar pu(**h139**)niki,<br>lawan ing sĕpuran iku,<br>lawan bĕkta layonnya[3],<br>Seh Dolah Hajiku,<br>Ngabdul Kadir gung Bulkiya,<br>sedaya pan samya nangis, | Bersamaan mundurnya<br>(pasukan) yang berasal dari Jelatar<br>dan di Sepuran itu<br>sambil membawa jasadnya<br>Syekh Dulah Haji<br>Abdul Kadir (dan) semua Bulkiya<br>semuanya menangis. |
| 18. | Lawan Mas Panji punika,<br>mantri lĕbĕt Prawiradĕksaneki, | Dengan Mas Panji ini<br>*mantri lebet* Prawiradeksana |

[3] Kurang enam suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | wus katur Ingkang Sinuhun,<br>lan Panji Pagĕlan tiga,<br>ingkang sabil kang layon samya pinundhut,<br>dhatĕng ngarsa Nalĕndra,<br>sabab wus kĕdalon iki, | sudah dihaturkan kepada sinuhun<br>bersama tiga Panji dari Pagelan<br>yang mati syahid<br>pada paduka raja.<br>Sebab sudah terlalu malam, |
| 19. | Pan kendĕl sadalu ika,<br>ingkang layon ing ngarsa Narapati,<br>mapan arum gandanipun,<br>mĕngkana sarĕng enjang,<br>lajĕng kinen ngangkatken layon puniku,<br>mantuk ing Pagĕlan tiga,<br>Seh Dolah Kaji Dul Kadir, | (mereka) berhenti semalam.<br>Mayat yang berada di hadapan paduka raja<br>harum aromanya.<br>Pada pagi harinya,<br>Lalu disuruh membawa mayat itu<br>menuju ke Pagelan.<br>Syekh Dulah Haji Abdul Kadir |
| 20. | Lan Panji Prawiradĕksana,<br>sinahenan neng tanah Gowong iki,<br>Basah tiga rĕmbagipun,<br>yun majĕng malih ika,<br>nulya ana lapuran saking Mĕntarum,<br>Den Basah Prawiradirja,<br>atur tiwas tĕngga nagri, | dan Panji Prawiradeksana<br>diminta ke tanah Gowong ini.<br>Tiga basah bermufakat<br>akan maju kembali (dalam peperangan).<br>Kemudian ada laporan dari Mataram<br>(bahwa) Raden Basah Prawiradirja<br>dikatakan tewas (dalam) mengawal negeri. |
| 21. | Pĕsanggrahan Sri Nalĕndra,<br>ing Pĕngasih sampun risa(**h140**)k puniki,<br>sagung rĕpot dhatĕng Kulur,<br>lan Kangjĕng Panĕmbahan,<br>Kangjĕng Ratu Agĕng aneng Dhawuhan puniku[4],<br><br>tan ewah lawan kang wayah,<br>abdi dalĕm kathah sabil, | Pesanggrahan paduka raja<br>di Pengasih saat ini sudah rusak.<br>Semua prajurit menuju Kulur<br>bersama kanjeng panembahan<br>(juga) Kanjeng Ratu Ageng berada di Dhawuhan,<br>tidak berpisah dengan cucunya.<br>Abdi dalem banyak yang mati syahid, |
| 22. | Tumĕnggung Catranagara,<br>wau ingkang prapta sabilolahi, | (yakni) Tumenggung Catranegara<br>yang mati syahid |

[4] Lebih tiga suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | lan gangsal Ngabehinipun,<br>lan panji toyagěsang,<br>pan pun sura dikdaya laknat gung lampus,<br><br>měngkana sarěng miarsa,<br>Sang Nata ngungun tyas neki, | dan lima *ngabehi*<br>serta Panji di Banyubening<br>yang berani dan digdaya (menghadapi) laknat semuanya tewas.<br>Begitu setelah mendengar<br>paduka raja terkejut hatinya. |
| 23. | Sagung prajurit Měntaram,<br>myang pratiwa putra Santana sami,<br>langkung  kewran manahipun,<br>sarěng samya miharsa,<br>ing Pěngasih mapan sampun risak iku,<br>watos nak rabinya samya,<br>nging jrih matur mring Nrěpati, | Seluruh prajurit Mataram<br>dengan punggawa (dan) putra sentana semua<br>sangat merasa sulit hatinya<br>setelah sama-sama mendengar<br>(pesanggrahan) di Pengasih sudah rusak,<br>khawatir atas anak istrinya<br>namun takut untuk melapor pada paduka raja. |
| 24. | Měngkana malih prapta,<br>sěrat saking Basah kang wetan iki,<br>tur uning yen labět iku,<br>kenging mriyěm wantisnya,<br>lajěng dhawah ingkang turangga lampus,<br>lawan Raden Ayu Natayuda,<br>prapta ing sabilolahi, | Kemudian datang lagi<br>surat dari Basah di sebelah timur<br>memberi tahukan jika *mantri lebet*<br>betisnya terkena meriam<br>lalu terjatuh dari tunggangannya (dan) tewas<br>bersama Raden Ayu Natayuda<br>tiba saatnya meninggal dunia. |
| 25. | Lawan Tuměnggung Sěbara,<br>tandha mohi rusak ku(**h141**)narpa neki,<br>dadya Pagělen puniku,<br>kang wetan pan kancikan,<br>dhatěng laknat Basah Ngabdul Muhyi iku,<br>langkung keron manahira,<br>prajurit Pagělen sami, | Begitu pula Tumenggung Sebara<br>*tanda mohi* rusak mayatnya.<br>Sehingga Pagelen<br>yang sebelah timur (telah) dimasuki<br>(oleh) para laknat. Basah Abdul Muhyi<br>hatinya sangat ragu-ragu.<br>Para prajurit Pagelen |
| 26. | Mapan kathah mantuk ika,<br>saking sangět kuwatos tyasnya sami,<br>basah tiga samya matur,<br>dhumatěng Sri Nalěndra, | banyak yang mundur<br>sebab hati mereka sangat khawatir.<br>Tiga basah bersama-sama mengatakan<br>pada Paduka raja |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | lamun abdi dalĕm prajurit puniku,<br>sampun kathah mantuk samya,<br>kuwatos nak rabineki, | bahwa abdi dalem prajurit ini<br>sudah banyak yang mundur<br>(sebab) khawatir (pada) (anak) istrinya. |
| 27. | Mĕngkana Raden Dipatya,<br>aturira dhumatĕng Sri Narapati,<br>atanapi Mas Pangulu,<br>ngaturi kondur samya,<br>mring Mĕntawis sabab abdi dalĕm sagung,<br>samya sangĕt keronira,<br>neng ngriki tan sagĕd jurit, | Begitulah raden adipati<br>laporannya kepada paduka raja.<br>Namun mas pangulu<br>menawarkan (agar) semua mundur<br>ke Mataram, sebab semua abdi dalem<br>(merasa) sangat ragu-ragu<br>di sini tidak ikut berperang. |
| 28. | Sang Nata dhahar aturnya,<br>dhatĕng sagung ingkang pratiwa sami,<br>sarĕng enjang budhalipun,<br>saking ing Wanasraya ,<br>aneng marga pan kapĕthuk suratipun,<br>Den Basah Gandakusuma,<br>ngaturken sal-angsal neki, | Paduka raja mengikuti perkataan<br>para punggawa semua.<br>Berangkatnya bersama pada pagi hari<br>dari Wanasraya.<br>Di jalan bertemu dengan suratnya<br>Raden Basah Gandakusuma<br>menghaturkan perolehan |
| 29. | Bandhangan tambur gandera,<br>lan salo(**h142**)mpret kang kathah sanjata lit,<br>mriyĕm kakalih puniku,<br>karsanira Nalĕndra,<br>pinaringkĕn malih kinen bĕkta wangsul,<br>mring Basah Gandakusuma,<br>mĕngkana wus tan winarni, | hasil jarahan (berupa) tambur, bendera, dan *salompret*, dan banyak senjata kecil/ringan,<br>juga dua meriam itu.<br>Keinginannya paduka raja<br>agar dikembalikan, disuruh membawa pulang<br>pada Basah Gandakusuma.<br>Demikianlah, tidak diceritakan lagi. |
| 30. | Sang Nata wus rawuh ika,<br>ing Pagĕlan mĕsanggrahan Nrĕpati,<br>aneng ing Kroya puniku,<br>ngasohakĕn gung wadya,<br>Basah Gandakusuma karsa Sang Prabu,<br><br>lan Basah Ngabdul Muhyika, | Paduka raja sudah datang,<br>beristirahat di Pagelan. Paduka raja<br>berada di Kroya ini<br>mengistirahatkan semua prajurit.<br>Atas kehendak paduka raja, Basah Gandakusuma<br>dan Basah Abdul Muhyi |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | mapan kinen angopeni, | disuruh tinggal untuk menjaga |
| 31. | Mring Pagĕlen ingkang wetan,<br>sabab Basahira pan mĕksih[5],<br>pan naming wakil Tumĕnggung,<br>tan pitajĕng Nalendra,<br>ri sawusnya Sang Nata gya budhal iku,<br>myang sagung kang wadya kuswa,<br>kondur dhumatĕng Mĕntawis, | Pagelen sebelah timur,<br>sebab basah yang masih (bersiaga)<br>hanyalah wakil tumenggung.<br>Paduka raja tidak percaya.<br>Setelah itu Paduka raja segera berangkat<br>bersama seluruh prajurit<br>kembali ke Mataram. |
| 32. | Sampun prapta ing Mĕntaram,<br>mesanggrahan neng Palihan Nrĕpati,<br>Basah Prawiradirjaku,<br>lanwan Pangeran Basah,<br>tinimbalan kalih sampun prapta ngayun,<br>dinangu ingkang niskara,<br>sampun katur sĕdayeku, | Setiba di Mataram,<br>raja beristirahat di Palihan.<br>Basah Prawiradirja<br>dan Pangeran Basah<br>dipanggil dan keduanya segera datang,<br>ditanyai segala hal,<br>sudah disampaikan semuanya. |
| 33. | Sri Nale(**h143**)ndra angandika,<br>paran sira babing aprang iki[6],<br>yen wus tan kaduga iku,<br>angur-angur padha matura,<br>karuhane mumpung mĕksih jĕmbar iku,<br>Den Basah Prawiradirja,<br>mĕngkana ingaturan neki[7], | Paduka raja berkata,<br>"Bagaimana engkau menjalankan peperangan ini,<br>jika sudah tidak terduga (jalannya peperangan)<br>lebih baik kalian melapor.<br>Sekalian saja selagi masih luas (belum terlarut)".<br>Raden Basah Prawiradirja<br>beginilah jawabannya, |
| 34. | Rumiyin[8] myang sapunika,<br>nadyan silih wĕwah amĕngsah malih,<br>yen tĕksih gĕsang pukulun,<br>pan tan sĕdya suminggah,<br>Sri Nalendra ris ngandika iku[9], | "Dahulu dan saat ini<br>walaupun musuh silih berganti,<br>jika hamba masih hidup<br>hamba tidak akan menyingkir."<br>Paduka raja berkata pelan, |

[5] Kurang dua suku kata
[6] Kurang satu suku kata
[7] Lebih satu suku kata
[8] Dalam naskah *ngumiyin*
[9] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
| --- | --- | --- |
| | oh iya Prawiradirja,<br>kĕlamun nyata sireki, | “Oh iya Prawiradirja,<br>jika engkau benar seperti itu. |
| 35. | Sun jaluk prĕtandhanira,<br>Basah kalih sandika atureki,<br>sampun lengser saking ngayun,<br>Basah Prawiradirja,<br>lawan Pangran Basah Sumanĕgareku,<br>mĕngkana wus tan winarna,<br>sarĕng dintĕn isnen iki, | kuminta buktinya.”<br>Dua basah berkata ”*Sandika*”.<br>Sudah pergi dari hadapan<br>Basah Prawiradirja,<br>dan Pangeran Basah Sumanegara.<br>Begitulah tidak diceritakan lagi.<br>Bertepatan hari senin |
| 36. | Den Basah Prawiradirja,<br>lawan Pangran Basah Sumanĕgari,<br>wus budhal sawadyanipun,<br>saking Gĕnthan punika,<br>arsa gitik laknat saking baris iku,<br>ing pĕtir kĕparĕng nulya,<br>dadya kapĕthuk ing margi, | Raden Basah Prawiradirja<br>dan Pangeran Basah Sumanegara<br>telah berangkat (bersama) prajuritnya<br>dari Gentan.<br>Ingin menggebuk para laknat dengan pasukan itu<br>dalam kegelapan (?) diijinkan. Lalu berpapasan di perjalanan. |
| 37. | Mapan sa(**h144**)mya kajĕngira,<br>laknatolah ayun mring Gĕnthan iki,<br>dadya samya kajĕngipun,<br>kapĕthuk sala bĕlah,<br>lajĕng campuh langkung rame swaranipun,<br>sanjata lir ardi bĕntar,<br>lajĕng rukĕt ingkang jurit, | Sebab keinginannya semua<br>laknatullah akan menuju Genthan<br>(ternyata) keinginannya sama.<br>Bertemu (di) Salatiga,<br>sangat ribut suaranya ketika bertempur.<br>(suara) Senjatanya bagaikan gunung yang terbelah,<br>lalu pasukan menjadi panik |
| 38. | Pĕtĕng kukusing sĕndawa,<br>laknat Islam sampun wuru juritneki,<br>mĕngkana karsa Ywang Agung,<br>Basah Prawiradirja,<br>mapan labĕt kenging pelor bahunipun,<br>dadya kalindhih prangira,<br>sagung wadya Islam iki, | (sebab) asap mesiu sangat pekat.<br>Prajurit Islam dan laknat sudah terbius,<br>begitulah kehendak Hyang Agung.<br>Basah Prawiradirja<br>bahunya luka (sebab) terkena peluru<br>sehingga kalah dalam perang.<br>Semua prajurit Islam ini. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 39. | Kalawan panji wanengprang,<br>somaliye kya kěndhang gumulung sabil[10],<br>prajurit jajar puniku,<br>ingkang sabil sadasa,<br>laknatolah mapan kathah kang modar iku[11],<br>kabrěrěk Eslam yudanya,<br>měngkana gya den tulungi, | bersama Panji Wanengprang<br>*somaliye kya* kendang menggulung sabil.<br>Prajurit jajar<br>yang mati syahid ada sepuluh.<br>Laknatullah banyak yang tewas<br>Islam terdesak dalam peperangan<br>lalu diberi pertolongan |
| 40. | Mring Dul Latip Ali Basah,<br>kang prajurit Jayengan wolung desi,<br>mapan sarěng ajěngipun,<br>laknat měngsah tyasira,<br>sabab sampun kathah (**h145**) modar kancanipun,<br>kapitan rup tatu ika,<br>kalawan mayor ireki, | oleh Abdul Latif Ali Basah.<br>Prajurit Jayengan ada delapan puluh<br>bersama-sama majunya,<br>memusuhi laknat (di) hatinya,<br>sebab sudah banyak temannya yang tewas.<br>Kapitan Rup terluka<br>juga mayornya |
| 41. | Dadya samya undurira,<br>nanging Islam angsal bandhangan iki,<br>Wělandi gěsang puniku,<br>satunggil namanira,<br>něnggih Jakup měngkana tur uning sampun,<br>dhateng Kangjěng Sri Nalendra ,<br>lamun Raden Basah kanin, | jadi mundur bersama-sama.<br>Namun, Islam mendapat hasil jarahan<br>(orang) Belanda yang hidup<br>satu namanya<br>yaituYakub. Begitulah sudah diberitahukan<br>kepada paduka raja.<br>Raden basah terluka |
| 42. | Kenging pelor bahunira,<br>panah nanging mapan datan punapi,<br>dene kang prajurit sagung,<br>sakala sakit ika,<br>kang misesa Den Basah panuwunipun,<br>dhumatěng Sri Naranata,<br>něnggih Pangran Ngabdul Majid, | sebab bahunya terkena peluru<br>(dan) panah namun tidak apa-apa.<br>Adapun banyak prajuritnya<br>seketika (menderita) sakit,<br>yang menjaga (adalah) raden basah. Permohonannya<br>kepada paduka raja<br>yaitu Pangeran Abdul Majid, |

[10] Lebih satu suku kata
[11] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 43. | Kalilan wus tan winarna,<br>kawarnaha Kangjĕng Pangeran Behi,<br>mapan sangĕt grĕrahipun,<br>kondur mring kilen praga,<br>dadya sagung prajurit dherek sĕdarum,<br>myang Bupati kidul Yogja,<br>Sang Nata karsanireki, | sudah diijinkan. Tidak diceritakan lagi.<br>Tersebutlah Kanjeng Pangeran Bei<br>sedang menderita sakit parah.<br>(ia) Pulang ke Kulonpraga<br>dan seluruh prajurit ikut semua<br>juga Bupati di Yogya selatan.<br>Kehendak paduka raja |
| 44. | Kang misesa kidul Yokja,<br>pan winangsul malihakĕn iki,<br>mring Raden Jĕnĕgareku,<br>(**h146**) Tumĕnggung kidul Yokja,<br>myang prajurit wus pinaringkĕn sadarum,<br>mring Raden Jayanagara,<br>lajĕng kinen mangkat sami, | yang berkuasa di Yogya bagian selatan<br>dikembalikan lagi<br>kepada Raden Jayanegara.<br>Tumenggung di selatan Yogya<br>dengan prajurit sudah diberikan semua<br>kepada Raden Jayanegara<br>lalu disuruh berangkat semua |
| 45. | Saking ing sakilen praga,<br>Raden Jayanagara budhal nuli,<br>myang sagung kidul Yokjeku,<br>Dolah Rĕsasĕntana,<br>Raden Jawinata Anggawikrameku,<br>lan Tumĕnggung Bahuyuda,<br>wus prapta kidul Yokjeki, | dari sebelah barat (sungai) praga.<br>Raden Jayanegara segera berangkat<br>bersama seluruh (prajurit) Yogya bagian selatan.<br>Dulah Resasentana,<br>Raden Jawinata Anggawikrama,<br>dan Tumenggung Bahuyuda<br>telah sampai di Yogya selatan |
| 46. | Lajĕng baris wetan ngumpak,<br>kawarnaha nĕnggih Sri Narapati,<br>salaminya sakit iku,<br>Basah Prawiradirja,<br>kang prajurit samya kĕndho juritipun,<br>lan wontĕn atur uninga,<br>lamuk laknat badhe prapti, | lalu berbaris di sebelah timur umpak.<br>Diceritakan tentang paduka raja<br>selama sakit,<br>Basah Prawiradirja<br>prajuritnya kehilangan semangat juang.<br>Dan ada yang melaporkan<br>bahwa para laknat akan datang. |
| 47. | Kurnel salwen tindhihira,<br>badhe nyabrang dhatĕng sakilen pragi,<br>kang baris siyangan iku,<br>mĕngkana Sri Nalendra, | Kolonel Salwen, pemimpinnya,<br>akan menyebrang menuju sebelah barat sungai<br>bersama prajurit pada siang hari. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | nulya budhal saking ing Paliyan iku,<br>mantri jro lan Bulkiya,<br>kang munggeng ngarsa Nrěpati, | Begitulah paduka raja<br>lalu berangkat dari Paliyan.<br>*Mantri jero* dan Bulkiya<br>yang berada di depan paduka raja. |
| 48. | Seh Dolah (**h147**) Khaji punika,<br>Ngabdul Kadir pan sampun den sulihi,<br>anenggih Seh Kaji Mansur,<br>pinaring nama Dolah,<br>dadya sisihira Khaji Mustapeku,<br>mas pangulu munggeng wuntat,<br>myang sagung pra ngulami, | Syekh Dulah Haji<br>Abdul Kadir telah diganti<br>oleh Syekh Haji Mansur<br>diberi gelar Dulah<br>menjadi wakilnya (?) Haji Mustafa ini.<br>Mas pangulu berada di belakang<br>semua para ulama |
| 49. | Suranata suryagama,<br>sampun rawuh ing kěcubung Nrěpati,<br>lajěng měsanggrahan iku,<br>neng kěcubung děmangan,<br>Raden Basah Mrětanagara puniku,<br>kalawan Raden Dipatya,<br>nusul mapan sampun prapti, | suranata dan suryagama<br>telah sampai di *kecubung*. Paduka raja<br>lalu beristirahat di situ.<br>Di *kecubung* Demangan<br>Raden Basah Mretanegara<br>bersama raden adipati<br>(yang) menyusul telah datang |
| 50. | Lan ngirid bupati magang<br>ing Pagělen mapan sěkawan iki,<br>lawan saprajuritipun,<br>kala wěktu punika,<br>langkung agěng kang coba dhatěng Sinuhun,<br>Bupati kalih sělaya,<br>kalawan Basahireki, | dan memimpin bupati magang<br>di Pagelen (yang berjumlah) empat ini<br>bersama prajuritnya.<br>Pada waktu itu<br>sangat banyak cobaan bagi sinuhun.<br>Dua bupati berselisih<br>dengan basah ini. |
| 51. | Nanging Kangjěng Sri Nalendra,<br>mapan sampun tan ningali kěkalih,<br>marma punapa turipun,<br>kang wadya tinurutan,<br>angrěsagah měsah lawan laknat iku,<br>Basah Ngabdul Latip prapta,<br>lawan saprajurit neki, | Namun paduka raja<br>sudah tidak memperhatikan mereka berdua,<br>maka dari itu apapun perkataannya<br>sang prajurit dituruti<br>sanggup (melawan) musuh dan laknat itu.<br>Basah Abdul Latif hadir<br>bersama semua prajuritnya |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 52. | (**h148**) lajeng kinen baris ika,<br>aneng Galur lawan Raden Dipati,<br>kang munggeng ngarsa Sang Prabu,<br>Basah Mĕrtanagara,<br>lawan Ngusman Li Basah kang baris iku,<br>aneng ing Wates punika,<br>nĕnggih Pangran Ngabdul Majid, | lalu disuruh berbaris<br>di Galur bersama raden adipati.<br>Yang berada di depan paduka raja<br>(adalah) Basah Mertanegara<br>dan Usman Ali Basah yang berbaris di situ,<br>di Wates.<br>Adapun Pangeran Abdul Majid |
| 53. | Lawan Pangran Pakuningrat,<br>lawan sagung wau ingkang prajurit,<br>Prawiradirjan sadarum,<br>mĕngkana kainggahan,<br>laknatolah mapan sarĕng praptanipun,<br>Wates lawan Galur ika,<br>samya pinĕthukĕn jurit, | dan Pangeran Pakuningrat<br>bersama semua prajuritnya.<br>(prajurit) Prawiradirjan semua<br>menduduki (?) seperti itu,<br>datangnya bersamaan (dengan) laknatullah<br>(diantara) Wates dengan Galur<br>para prajurit bertemu |
| 54. | Langkung rame swaranira,<br>sanjata lit lawan mariyĕm sami,<br>Sang Nata marma tyasipun,<br>marang Raden Dipatya,<br>sabab kĕdhik ingkang prajurit puniku,<br>ingkang kathah nanging magang,<br>lawan Basah Ngabdul Latip, | (menjadi) sangat gaduh suaranya<br>(sebab) senjata beradu dengan meriam.<br>Maka perasaan paduka raja<br>terhadap raden adipati,<br>sebab prajurit hanya sedikit<br>lebih banyak yang banyak magang<br>bersama (pasukan) Basah Abdul Latif, |
| 55. | Prajurit nanging jayengan,<br>pan kapalan wolung dasa puniki,<br>Seh Ngusman Li Basah iku,<br>kang kinen tĕtulunga,<br>sakancanya prajurit Bulkiya sagung,<br>lan Basah Mĕrtanagara,<br>mapan kinen tumut sami, | tetapi prajurit Jayengan<br>yang berkuda berjumlah delapan puluh.<br>Syekh Usman Ali Basah<br>diutus (untuk) memberi bantuan<br>(pada) teman-temannya prajurit Bulkiya,<br>dan Basah Mertanegara<br>juga disuruh untuk ikut. |
| 56. | De(**h149**)ne ingkang tinindhihan,<br>mantri lĕbĕt lan suranata iki,<br>suryagama budhal sagung, | Sementara yang dipimpin<br>*mantri lebet* suranata<br>(dan) suryagama berangkat semua |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | saking ngarsa Nalĕndra,<br>ingkang ngadhĕp nanging kantun mas pĕngulu,<br>sakancanya pra ngulama,<br>lan putra santana sami, | dari hadapan paduka raja.<br>Yang (masih) menghadap tinggal mas pengulu<br>(bersama) semua para ulama<br>dan juga putra sentana |
| 57. | Basah kalih sampun prapta,<br>pan ing Galur panggih Raden Dipati,<br>Sri Nalendra ayun dulu,<br>saking Kĕcubung budhal,<br>laknatolah datan sagĕd nyabrang Galur,<br>dadya nanging prang sanjata,<br>datan sagĕd nyabrang kali, | Kedua basah telah sampai<br>di Galur bertemu raden adipati.<br>Paduka raja ingin menyaksikan.<br>Dari Kecubung (mereka) berangkat<br>laknatullah tidak mampu menyeberangi Galur<br>sehingga terjadi adu senjata,<br>tidak dapat menyeberangi sungai. |
| 58. | Nyabrang lepen punika[12],<br>laknat Islam nging sĕnjatanan sami,<br>mĕngkana ingkang winuwus,<br>kang aprang Watesika,<br>Pangran Ngabdul Majid pan kalindhih iku,<br>lawan Pangran Pakuningrat,<br>nanging tan atur udani, | (Ketika hendak) menyeberangi sungai itu,<br>laknat dan Islam sama-sama memegang senjata.<br>Demikian yang diceritakan<br>yang berperang di Wates itu<br>Pangeran Abdul Majid dikalahkan<br>bersama Pangeran Pakuningrat<br>tetapi tidak dilaporkan (apa yang) dilihat. |
| 59. | Undurira tan katingal,<br>mapan samya kalingan dhusun iki,<br>dadya Islam mapan sagung,<br>manjing mring padhusunan,<br>laknatolah langkung sangĕt sagĕdipun,<br>tan mawi bĕsmening griya,<br>marma ingkang aprang iki, | (peperangan) di Kulur tidak terpantau<br>sebab terhalangi dusun.<br>Jadi (pasukan) Islam semua<br>masuk ke dusun.<br>Laknatullah juga sangat bisa<br>tanpa membakar rumah.<br>Oleh sebab itu pada peperangan ini |
| 60. | (**h150**) Ing Galur mapan tan nyana,<br>lamun Islam kalindhih juritneki,<br>samya nyana lamun bujung,<br>sabab tan bĕsmi griya,<br>lan sanjata mapan sampun kendĕl dangu, | di Galur tidak disangka<br>jika (prajurit) Islam kalah dalam peperangan.<br>Semua menyangka jika (mereka tidak) mengejar |

[12] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | marmanira samya eca,<br>denira sěnjatan iki, | sebab tidak membakar rumah<br>dan senjata sudah berhenti terdengar.<br>Oleh sebab itu semuanya (merasa) tenang<br>dalam (membawa) senjata ini. |
| 61. | Měngkana Husar[13] katingal,<br>Sri Nalendra dangu mring aměl neki,<br>lawan ponakawan iku,<br>sědaya aturira,<br>tiyang ngili girekěn mahesanipun,<br><br>saking sangět panas rina,<br>marmanya datan kětawis, | Demikian (ketika) husar terlihat,<br>paduka raja bertanya kepada *gamel*<br>dan *punakawan.*<br>Semuanya mengatakan,<br>(bahwa itu) adalah yang pergi mengungsi<br>dengan menggiring kerbaunya<br>(sebab) di siang hari sangat panas sekali,<br>oleh sebab itu tidak ketahuan. |
| 62. | Langsir kilen wayahira,<br>awit enjang wau denira jurit,<br>Husar mapan prapta sampun,<br>samya kaget sadaya,<br>mas pangulu umatur dhatěng Sang Prabu,<br>kělamun punika Husar,<br>Sang Nata dipunaturi, | Pada waktu senja,<br>sejak pagi olehnya berperang,<br>Husar telah datang<br>semua menjadi kaget.<br>Mas pangulu melapor paduka raja<br>bahwa husar (telah datang),<br>paduka raja diharapkan |
| 63. | Mundur sagung Husar nulya,<br>bujung Husar anyěnjatani[14]<br>nanging marmaning Yyang Agung,<br>sami lujěng sadaya,<br>sagung dhěrek dhumatěng Sang Prabu,<br>Den Dipati kang winarna,<br>kalawan Basah katri, | (untuk) mundur. Semua husar segera<br>memburu dengan menenteng senjata,<br>tetapi atas kasihnya Hyang Agung<br>semuanya selamat<br>(sebab) semua mengikuti paduka raja.<br>Diceritakan raden adipati<br>bersama ketiga basah, |
| 64. | Sarěng miarsa punika,<br>la(**h151**)mun wingking rame sanjata muni,<br>samya langkung kagyatipun,<br>wus narka yen Nalendra, | setelah mendengar<br>di belakang ramai terdengar bunyi senjata<br>semua menjadi sangat kaget.<br>Paduka raja telah menduga hal ini. |

[13] Husar adalah sebutan prajurit berkuda musuh
[14] Kurang dua suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | dadya samya langkung kuwur manahipun,<br>nulya samya mundurika,<br>sĕdya tulung mring Nrĕpati, | Semua menjadi sangat kebingungan hatinya,<br>lalu sama-sama mundur<br>ingin menolong raja. |
| 65. | Wus nir sagung ingkang baya.<br>sarĕng mundur nulya kapĕthuk sami,<br>kalawan Husar sĕdarum,<br>lajĕng campuh ki yuda,<br>kuwĕl tĕlas laknatolah kĕdhik iku,<br>Husar ingkang mĕksih gĕsang,<br>tinulungan mring pĕlangkir, | Setelah hilang semua marabahaya<br>setelah mundur, lalu berpapasan<br>dengan semua husar.<br>Lalu berbaur dalam peperangan<br>hingga menyusut habis laknatullah. Hanya sedikit<br>husar yang masih hidup<br>diberi pertolongan oleh plangkir. |
| 66. | Lan kang saking Galurika,<br>sampun nyabrang laknat lajĕng ngĕbyaki,<br>Islam pan karoban mungsuh,<br>kĕlangkung bingungira,<br>lajĕng mundur Islam kalindhih prangipun,<br>binujung mring laknatolah,<br>nanging marmaning Yyang Widi, | Dan yang berada di Galur<br>sudah menyeberang. Laknat lalu menyerbu,<br>(prajurit) Islam (bagai) kebanjiran musuh<br>(menjadi) amat bingung<br>lalu mundur, Islam terdesak dalam perang<br>dan diburu oleh laknatullah<br>tetapi (mendapat) kasihnya Hyang Widi. |
| 67. | Islam dereng untungira,<br>pan kĕdhik kang prapta sabil neki,<br>sĕdaya hanging salikur,<br>prajurit Pagĕlan samya,<br>kang satunggil anĕnggih papatihipun,<br>Raden Dipati Danurja,<br>laknat kathah modar | Islam belum beruntung<br>hanya sedikit yang mati syahid.<br>Semua hanya dua puluh satu<br>prajurit Pagelan semua,<br>salah satunya yaitu sang patih<br>Raden Adipati Danureja.<br>Laknat banyak yang tewas, |
| 68. | Nulya sapih ingkang yuda,<br>mapan sampun nĕnggih ka(**h152**)saput wĕngi,<br>laknat lajĕng samya mundur,<br>mring prĕnah sowang sowang,<br>lawan bĕkta mring bangkene rewangipun,<br>nanging kang aneng kewala,<br>kang alit tinilar sami, | lalu pertempuran terhenti<br>karena telah tersaput malam.<br>Para laknat lalu kembali<br>menuju tempat tinggal masing-masing<br>dengan membawa mayat temannya<br>tetapi yang ada(=berpangkat tinggi) saja,<br>yang (berpangkat) kecil ditinggalkan. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | | |
| 69. | Islam kathah angsalira,<br>kang bandhangan kapal Husar pan sami,<br>měngkana ingkang winuwus,<br>Raden Jayaněgara,<br>dennya baris neng gěgěr sakancanipun,<br>laknatolah mara tiga,<br>wau denira nginggahi, | Islam banyak mendapatkan (rampasan)<br>termasuk juga pelana kuda milik husar,<br>demikian yang diceritakan.<br>Raden Jayanegara<br>olehnya baris di belakang pasukannya,<br>tiga (pasukan) laknatullah<br>tadi olehnya bersembunyi. |
| 70. | Mas Dolah Rěsasěntana,<br>mapan kinen měthukakěn puniki,<br>měngsah saking wetan iku,<br>Den Měnggung Jawirata,<br>měthukakěn ingkang saking ler puniku,<br>ingkang agěng laknatolah,<br>mapan saking kilen iki, | Mas Dulah Resasentana<br>diutus untuk menghadapi<br>musuh dari arah timur.<br>Raden Tumenggung Jawirata<br>menghadapi yang berasal dari arah utara.<br>(pasukan) Laknatullah paling banyak<br>berasal dari arah barat |
| 71. | Mapan piněthukěn ika,<br>dhatěng Raden Jayaněgareki,<br>lawan Kaji Ahmad iku,<br>Tuměnggung Mangkuyuda,<br>lajěng campuh pan sangět karoban mungsuh,<br><br>nging Raden Jayanagara,<br>wirang yen mundura hurip, | (akan) dihadapi<br>oleh Raden Jayanegara<br>bersama Haji Ahmad.<br>Tumenggung Mangkuyuda<br>lalu bertempur dan sangat kewalahan menghadapi musuh,<br>tetapi Raden Jayanegara<br>malu jika mundur (dalam keadaan) hidup, |
| 72. | Lan Tuměnggung Bahuyuda,<br>Kaji Ahmad pan sampun sumědya sa(**h153**)bil,<br>prajurit tamtama iku,<br>golong pěngamukira,<br>langkung rame pan wus karsaning Yyang Agung,<br>Rahaden Jayaněgara,<br>prapta ing sabilolahi, | dan Tumenggung Bahuyuda<br>(dengan) Haji Ahmad sudah berniat mati syahid.<br>Prajurit tamtama itu<br>berkumpul (dalam) penyerangannya<br>sangat gaduh sekali. Sudah kehendak Hyang Agung.<br>Raden Jayanegara<br>mati dalam (keadaan) syahid, |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 73. | Kalawan Seh Khaji Ahmad,<br>lan Tumĕnggung Bahuyuda puniki,<br>prajurit tamtama iku,<br>sĕdaya ingkang bela,<br>Bahuyudan mapan tiga balanipun,<br>samya risak kang kunarpa,<br>laknatolah kathah modir, | juga Syekh Haji Ahmad<br>dan Tumenggung Bahuyuda.<br>Prajurit tamtama itu<br>semua ikut membela.<br>Bahuyudan (ada) tiga prajuritnya (gugur)<br>(dengan kondisi) mayat yang rusak,<br>laknatullah banyak yang tewas. |
| 74. | Mas Dolah Rĕsasĕntana,<br>lawan Raden Jawinata puniki,<br>angsal bĕrĕk yudanipun,<br>wangsul mring Grĕgĕ samya,<br>laknatolah sĕdaya pan sampun mundur,<br>lajĕng anyaheni samya,<br>kang prapta sabilolahi, | Mas Dulah Resasentana<br>dan Raden Jawinata<br>mendapat tekanan dalam pertempuran<br>lalu kembali ke Grege semua,<br>Laknatullah semua sudah mundur.<br>Diperlakukan dengan baik<br>(mayat) mereka yang mati dalam (keadaan) syahid. |
| 75. | Lajĕng ngaturi uninga,<br>mring Nalendra pan wus datan winarni,<br>Sang Nata aneng wana gung<br>gennira mĕsanggrahan,<br>pan sadina-dina denira prang pupuh,<br>laknatolah lawan Islam,<br>kendĕl lamun dalu iki, | Kemudian memberitahukan<br>pada paduka raja. Sudah tidak diceritakan.<br>Paduka raja berada di hutan raya,<br>di situlah (raja) beristirahat.<br>Sehari-hari peperangan<br>antara laknatullah dengan Islam<br>berakhir apabila (sudah) malam. |
| 76. | Dadya Sang Nata pribadya,<br>kang nindhihi sĕlamenira sakit,<br>(**h154**) Basah Prawiradirjaku,<br>lan Pangran Ngabehi ika,<br>marmanira datan kendĕl kang prang pupuh,<br>Mas Dolah Sura Mustafa,<br>Tumĕnggung Karkiya sabil, | Jadilah paduka raja sendiri<br>yang memimpin selama sakitnya<br>Basah Prawiradirja,<br>bersama Pangeran Ngabei,<br>itulah sebabnya peperangan belum selesai.<br>Mas Dulah Sura Mustafa<br>dan Tumenggung Karkiya mati syahid |
| 77. | Kalawan Panji Jayengan,<br>jayeng sinom nĕnggih wĕstanireki, | dengan Panji Jayengan,<br>Jayengsinom yaitu namanya. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | mapan prang Kulur puniku,<br>kathah laknat kang modar,<br>prang sidhatan mantri lěbět sabil iku,<br><br>Kyai Puthut Sumandha,<br>kalawan anakireki, | Dalam perang di Kulur itu<br>banyak laknat yang tewas,<br>(dalam) perang sidhatan mantri lebet mati syahid.<br>Kyai Puthut Sumandha<br>bersama anak raja. |
| 78. | Lawan Prawirajětmika,<br>sědhěreknya Prawiragěndereki,<br>kang sabil sěkawan iku,<br>anak sědherek samya,<br>laknatolah mapan kathah ingkang lampus,<br>měngkana sagung pratiwa,<br>atěnapi kang prajurit, | Bersama Prawirajetmika<br>saudaranya Prawiragendera,<br>(mereka) berempat (yang) mati syahid itu<br>semuanya (saling) bertalian darah.<br>Laknatulah banyak yang tewas<br>demikian semua abdi,<br>tetapi prajuritnya |
| 79. | Samya nuwun mring Nalěndra,<br>haso sabab sangět sayah pan sami,<br>aprang sampun lami iku,<br>tan wontěn kendělira,<br>Sri Nalendra mapan wělas dadya nurut,<br>lajěng minggah dhatěng Crěma,<br>kang arga wěstanereki, | meminta kepada paduka raja<br>(untuk) beristirahat sebab sangat kelelahan<br>dalam peperangan yang sudah lama<br>tidak ada selesainya.<br>Paduka raja (merasa) iba dan menyetujui,<br>lalu berangkat menuju Cerma<br>itu nama gunungnya. |
| 80. | Měngkana ingkang winarna,<br>Pangran Behi (**h155**) grěrahnya dhangan sami,<br>lawan Raden Basah iku,<br>Prawiradirja nulya,<br>kalih nuhun dhumatěng Sinuhun[15],<br>lawan Kangjěng Paněmbahan,<br>wus prapta ngarsa Nrěpati, | Demikian yang diceritakan.<br>Pangeran Bei sudah sembuh dari sakitnya,<br>bersama Raden Basah<br>Prawiradirja lalu<br>memohon pada sinuhun,<br>dan kanjeng panembahan,<br>sudah menghadap paduka raja, |
| 81. | Mapan wus datan winarna,<br>niskaranya pitung dintěn antawis,<br>měsanggrahan Cěrma iku, | demikian tidak diceritakan.<br>Sudah sekitar tujuh hari<br>beristirahat di Cerma. |

[15] Kurang dua suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | kawarnaha laknatolah,<br>nulya minggah mapan langkung agĕngipun,<br>Sri Nalendra angandika,<br>dhatĕng kang paman Ngĕbehi, | Diceritakan tentang laknatullah<br>lalu menuju ke (tempat) yang lebih besar.<br>Paduka raja berkata<br>kepada paman Bei |
| 82. | Lan Basah Prawiradirja,<br>mapan kalih samya kinen sumingkir,<br>dereng dhangan pisan iku,<br>mĕnawa kambuh samya,<br>tan pantara laknatolah prapta sampun,<br>Seh Ngusman Li Basah nulya,<br>kinen nata gung prajurit, | dan Basah Prawiradirja<br>disuruh agar keduanya menyingkir<br>(sebab) belum sembuh betul<br>(khawatir) apabila kambuh.<br>Tidak lama kemudian laknatullah telah sampai,<br>Syekh Usman Ali Basah lalu<br>disuruh mempersiapkan pasukan |
| 83. | Kalawan Pangeran Basah,<br>Seh Muhamad Ngusman Li Basah iki,<br>pan dadya pangiridipun,<br>sagung prajurit dharat,<br>Pangran Basah Sumanĕgara puniku,<br>mapan pangirid kapalan,<br>Nalĕndra ingkang nindhihi, | bersama pangeran basah.<br>Syekh Muhammad Usman Ali Basah ini<br>menjadi pemimpinnya<br>semua prajurit darat.<br>Pangeran Basah Sumanegara itu<br>(yang) memimpin (prajurit) berkuda.<br>Paduka raja yang memimpin |
| 84.[16](83) | Lawan Kangjĕng Panĕmbahan,<br>wadya Islam gĕlarnya sampu(**h156**)n dadi,<br>nyeluman gung dharat iku,<br>kapalan kang katingal,<br>laknatollah sarĕng amirsa iku[17],<br>prajurit ingkang kapalan,<br>lajĕng ngĕdrel bĕrĕg wani, | bersama kanjeng panembahan<br>dan perbarisan prajurit Islam sudah siap.<br>Mengintai prajurit darat<br>(namun) prajurit berkuda yang terlihat.<br>Para laknatullah setelah mengetahui<br>bahwa ada prajurit berkuda<br>segera menembaki dan menyerang dengan berani. |
| 85.(84) | Mundur sagung kapalan,<br>dadya laknat langkung agĕng tyasneki,<br>mapan sarĕng inggahipun,<br>sĕpalih winĕtara, | Semua prajurit berkuda mundur<br>menjadikan laknat berbesar hati,<br>bersama-sama menaiki (gunung)<br>kira-kira separuh (prajurit). |

[16] Dalam naskah tertulis 83, selanjutnya akan disesuaikan
[17] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | Seh Muhamad Ngusman Ali Basah iku,<br>pan nuli ngabani ika,<br>mlajĕng nĕmpuh wani, | Syekh Muhammad Usman Ali Basah<br>lalu memberi aba-aba<br>berlari menyerang dengan berani |
| 86.(85) | Tan wontĕn mawi sanjata,<br>naming sami waos gung islam sami,<br>nirbaya pĕngamukipun,<br>pan sarĕng panĕmpuhnya,<br>laknatolah dadya langkung kagetipun,<br>kathah kang kacĕmplungika,<br>ingkang panggah tĕlas modar, | tidak ada yang memegang senjata<br>hanya tombak yang (dibawa) Islam.<br>(prajurit) Nirbaya mengamuk<br>sembari menyerang.<br>Laknatullah menjadi sangat terkejut<br>dan banyak yang tercebur<br>(sehingga) para pemberani sudah habis tewas. |
| 87.(86) | Pan tumpuk bangkene laknat,<br>ingkang niba jurang laknat pan sami,<br>modar putung sukunipun,<br>ing wingking kathah prapta,<br>laknatolah nging tan sagĕd minggah iku,<br>pan lajĕng mirĕ sadaya,<br>laknatolah inggah neki, | Bertumpuk-tumpuk mayatnya laknat<br>yang terjatuh dalam jurang. Laknat banyak<br>yang putus kakinya.<br>Dari belakang banyak yang datang<br>para laknatullah tapi tidak bisa naik ke situ<br>lalu mencari jalan lain.<br>Prajurit laknatullah (berhasil) naik |
| 88.(87) | Pan kĕsapih dalu ika,<br>(**h157**) Sri Nalendra sagung wadya sami,<br>pan wus dhinawuhan mundur,<br>sagung kang wadya Islam,<br>sampun mundur mĕngkana ingkang winuwus,<br>Seh Muhamad Ngusman Li Basah,<br>prapta ing sabilolahi, | (walau) terpisah malam.<br>Paduka raja (kepada) seluruh prajurit,<br>sudah menitahkan mundur<br>kepada seluruh prajurit Islam,<br>sudah mundur. Demikian yang diceritakan.<br>Syekh Muhammad Usman Ali Basah<br>mati dalam (keadaan) syahid |
| 89.(88) | Mas Dolah Haji Mansura,<br>lan Mas Panji Sura Turkiya sabil,<br>Seh Ngusman Li Basah iku,<br>pan wus sinĕdya driya,<br>lan wus sangĕt Seh Ngusman ing sĕpuhipun, | Mas Dulah Haji Mansur<br>dan Mas Panji Sura Turkiya mati syahid.<br>Syekh Usman Ali Basah<br>(sebab) telah diniatkan hati<br>dan Syekh Usman sudah sangat tua.<br>Diceritakan tentang laknatullah |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | kawarnaha laknatolah,<br>sampun lajěng minggah sami, | sudah pada naik semua |
| 90.(89) | Mapan dhatěng dhusun Sěrma,<br>Sri Nalendra měsanggrahan Pringtali,<br>Paněmbahan pisah iku,<br>kalintu marganira,<br>lajěng kondur dhatěng pěsanggrahanipun,<br>mapan wus datan winarna,<br>kawarnaha Sri Bupati, | menuju dusun Serma.<br>Paduka raja tinggal di Pringtali<br>terpisah dengan panembahan<br>sebab keliru jalannya,<br>lalu kembali ke pesanggrahannya.<br>Demikian sudah tidak diceritakan.<br>Tersebutlah paduka raja, |
| 91.(90) | Pangran Behi aturira,<br>lan Den Basah Prawiradirja iki,<br>yen parěng ingkang Sinuhun,<br>sěnadyan ngantěp yuda,<br>pan prayogi neng wetan praga tuhu,<br>wiyar radin papanira,<br>Sri Nalendra anuruti | Pangeran Bei perkataannya<br>dan Raden Basah Prawiradirja ini,<br>“Jika sinuhun berkenan,<br>walaupun ingin melakukan peperangan,<br>lebih baik di sebelah timur sungai<br>sebab luas jalan dan tempatnya.”<br>Paduka raja menyetujui. |
| 92.[18] | Pan sampun rěmbag sadaya,<br>pra pra(**h158**)tiwa prajurit lan ngulami,<br>Sang Nata gya budhal iku,<br>lan sagung wadya kuswa,<br>sampun tědhak mapan saking Rosantangsul,<br>miyos Gamplong marginira,<br>lajěng měsanggrahan iki, | Setelah berdiskusi bersama<br>para penggawa, prajurit, dan ulama,<br>paduka raja segera berangkat<br>bersama semua bala pasukan.<br>(Mereka) sudah turun dari Rosantangsul<br>jalan melewati Gamplong<br>lalu beristirahat. |
| 93.(91) | King Siluk Sri Nalendra,<br>mapan nuju Jendral Dhe Kok puniki,<br>wontěn Sěntolo puniku,<br>kirang kědhik kapěthukan,<br>sarěng sampun aso kang wadya sidarum,<br>Sri Nalendra nulya tědhak,<br>wau dhumatěng kě Mějing, | Pada saat paduka raja (di) Siluk,<br>kebetulan saat ini Jenderal De Kock<br>berada di Sentolo,<br>kurang sedikit lagi berpapasan.<br>Setelah semua prajurit cukup beristirahat,<br>paduka raja lalu turun<br>menuju ke Mejing. |

[18] Tidak terdapat nomor dalam naskah

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 94.(92) | Ingkang dherek Basah tiga,<br>kang sěntana mapan Pangeran Behi,<br>lawan Pangran Arya Prabu,<br>Diningrat ing punika,<br>sampun sěpuh mapan datan krěrasan kantun[19],<br>salaminya Nalendra[20],<br>mapan rěměn seda sabil, | (ada) Tiga basah yang ikut<br>dan sentana (yaitu) Pangeran Bei<br>dengan Pangeran Arya Prabu<br>diningrat ini<br>sudah tua tidak merasa kerasan, tinggal selamanya. Paduka raja<br>senang (kalau) mati dalam perang. |
| 95.(93) | Sapurugnya ingkang putra,<br>Kangjěng Sultan Kanjěng Pangran datan kari,<br><br>tinilar mopo kělangkung,<br>měngkana sampun prapta,<br>ing Kěmějing Kangjěng Sultan karsanipun,<br>mapan yun nindhihi Husar,<br>lan kang paman Pangran Behi, | Sepeninggalnya, sang putra<br>kanjeng sultan (yaitu) kanjeng pangeran tidak tertinggal,<br>sangat tidak terima ditinggal.<br>Demikian sudah sampai<br>di Mejing sesuai keinginan kanjeng sultan.<br>Ingin memimpin husar (juga)<br>bersama sang paman, Pangeran Bei. |
| 96.(94) | Dene kang kinarya Husar,<br>pra pratiwa lan sa(**h159**)gung ngulami,<br>kang dados pangiridipun,<br>něnggih Raden Dipatya,<br>lawan mas pěngulu Basah kalih iku,<br>Rahaden Prawiradirja,<br>lawan Raden Ngabdul Latip, | Sedangkan yang menjadi (prajurit) husar<br>(yaitu) penggawa dan para ulama,<br>yang menjadi pemimpinnya<br>yaitu raden adipati<br>bersama mas pengulu, dua basah,<br>Raden Prawiradirja,<br>dan Raden Abdul Latif. |
| 97.(95) | Pan kinen nindhihi dharat,<br>kang pangirid Dolah Puthut Laweki,<br>kalawan dolah puniku,<br>něnggih prawira rana,<br>Pangran Basah Sumanagara puniku,<br>karsanira Sri Nalendra,<br>kinarya pěnggalak jurit, | (Mereka) dititah untuk memimpin (prajurit) darat.<br>Sang pemimpin (yaitu) Dulah Putut Lawa ini<br>bersama dulah itu<br>yaitu Prawirarana.<br>Pangeran Basah Sumanagara ini<br>diinginkan paduka raja |

[19] Lebih satu suku kata
[20] Kurang satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | | (untuk) membuat semangat juang para prajurit. |
| 98.(96) | Lan sagung kang pra dipatya,<br>wetan praga dene prajurit neki,<br>kang samya dharat puniku,<br>kinen masrahkĕn ika,<br>marang Basah kalih ingkang badhe ngadu,<br>sampun dadya rĕmbag samya,<br>sĕmangsane laknat prapti, | dan semua pada adipati<br>timur Sungai Praga, sedangkan prajuritnya<br>yang sedang perang di darat<br>disuruh menyerahkan itu<br>kepada dua basah yang akan bertarung<br>sudah menjadi keputusan bersama,<br>ketika laknat datang. |
| 99.(97) | Ĕnĕngna Sri Nalendra,<br>Jendral Dhĕ Kok yata ingkang winarna,<br>mapan wus miharsa iku,<br>yen Sang Nata wus nyabrang,<br>marang wetan praga sawadya kusweku,<br><br>manggung gugup madahira,<br>nulya budhal anututi, | (Cerita) tentang paduka raja dihentikan.<br>Jenderal De Kock diceritakan<br>telah mendengar<br>jika paduka raja telah menyeberang<br>menuju sebelah timur Sungai Praga seluruh pasukan itu,<br>terus-menerus gugup cara bicaranya<br>lalu berangkat mengikuti |
| 100. (98) | Saking Sĕntolo punika,<br>lawan sagung ingkang para hupasir,<br>mapan ka(**h160**)thah hupasiripun,<br>mĕngkana sampun prapta,<br>ing Tangkil lan pĕcalang tur uning iku,<br>dhumatĕng Sri Naranata,<br>yen laknatolah nututi, | dari Sentolo ini<br>bersama seluruh perwira,<br>banyak perwiranya.<br>Demikian sudah sampai<br>di Tangkil dan seorang *pecalang*<br>(melapor) kepada paduka raja<br>bahwa laknatullah mengikuti, |
| 101. (99) | Nulya Kangjĕng Sri Nalendra,<br>Pangran Basah ingkang kinen rumiyin,<br>anglir rĕmbagnya puniku,<br>Basah Prawiradirja,<br>lawan Basah Ngabdul Latip nulya iku,<br>masangkĕn wadya kang dharat,<br>aneng ing Tulungan iki, | lalu paduka raja<br>(menyuruh) pangeran basah agar lebih dulu.<br>Seperti itu keputusannya.<br>Basah Prawiradirja<br>bersama Basah Abdul Latip lalu<br>menata prajurit (prajurit) darat<br>bertempat di Tulungan. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 102. (100) | Laknatollah sarěng mirsa,<br>langkung galak nulya binujung iki,<br>Basah Sumaněgareku ,<br>lawan sakancanira,<br>pan lumajěng Basah kalih gya lumayu,<br>tiga Abusungěb iki,<br>binujung mělajěng sami, | Laknatullah setelah mendengar (hal itu)<br>(menjadi) lebih garang lalu memburu,<br>Basah Sumanegara<br>bersama pasukannya<br>berlari. Dua basah segera berlari<br>(dan) tiga busungeb ini<br>diburu (tetapi) kabur semua, |
| 103. (101) | Laknat langkung pangědrelnya,<br>kawarnaha kang wadya dharat sami,<br>pan měksih ampingan dhusun,<br>lawan andhodhok samya,<br>ingkang watos mapan riněbah iku,<br>nanging laknat wus uninga,<br>gennya majěng minggrang minggring | (oleh) laknat ditembaki terus menerus.<br>Menceritakan pasukan darat<br>yang masih menjaga dusun<br>sembari duduk di bawah semua<br>(sedangkan) yang cemas merebahkan diri.<br>Namun laknat sudah mengetahuinya,<br>(tetapi) dalam bergerak penuh keraguan. |
| 104. (102) | Esmu kapok duk prang cěrma,<br>wadya Islam wus tan drana tyasneki,<br>mapan dereng (**h161**) mangsanipun,<br>Dolah Prawirarana,<br>lawan Dulah Puthut Lawa ngabaniku,<br>Islam wus nir sagung baya,<br>tandya sarěng ngaběsmi, | Seolah trauma ketika perang di Cerma,<br>prajurit Islam sudah tidak sabar hatinya<br>(padahal) belum waktunya.<br>Dulah Prawirana<br>dengan Dulah Putut Lawa yang memberi aba-aba<br>Islam sudah terhindar dari semua bahaya.<br>Segera bersama-sama membakari |
| 105. (103) | Lajěng němpuh majěng rampak,<br>laknatolah langkung panggah ing jurit,<br>pan sangět pangědrelipun,<br>Islam nusup pan samya,<br>marang kukus sěndawa anulya campuh,<br>kuwěl wus dados satunggal,<br>sanjata wus datan muni, | lalu maju menyerang bersama-sama,<br>laknatullah sangat kuat dalam peperangan<br>sangat (seru) memberondong senjata<br>Islam semua menyusup<br>di antara asap *sendawa* lalu bercampur<br>bertarung sudah menjadi satu.<br>Senjata sudah tidak berbunyi |
| 106. (104) | Ing sangguh lan waosika,<br>laknatolah samya rěntah kang topi,<br>Islam rěntah sěrbanipun, | hanya *sangguh* dan tombak itu.<br>Laknatullah jatuh topinya<br>(dan) Islam jatuh sorbannya |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | saking ramening yuda,<br>mapan panggih samya nuju purunipun,<br>dolah mapan samya dharat,<br>něnggih ingkang angawaki | sebab perang (sangat) seru<br>bertemu sama-sama beraninya.<br>Dulah (prajurit) darat<br>yang memimpin yaitu |
| 107. (105) | Basah Ngabdul Latip ika,<br>sampun mudhun wau saking turanggi,<br>nging Basah Prawiradirjeku,<br>ingkang měksih neng kuda,<br>Pangran Basah Sumanagara puniku,<br>nyaběť saking pungkurika,<br>lawan sakancanireki, | Basah Abdul Latif.<br>Sudah turun dari kuda<br>hanya Basah Prawiradirja itu<br>yang masih berada di kuda,<br>Pangeran Basah Sumanegara itu<br>menyerang dari belakang<br>bersama prajuritnya, |
| 108. (106) | Mas Rangga Puthut Guritna,<br>lan Mas Dolah Prawirarada pu(**h162**)niki,<br>Dolah Prawirayudeku,<br>liwung pěngamukira,<br>ngantos datan ngambah siti Islam sagung,<br>laknat kalindhih prangira,<br>kang wuri Husar bantoni, | Mas Rangga Puthut Guritna<br>dan Mas Dulah Prawirarada ini.<br>Dulah Prawirayuda itu<br>terpicu amarahnya<br>sampai tidak menginjak tanah Islam semua.<br>Laknat terdesak dalam perang,<br>yang berada di belakang husar memberi bantuan. |
| 109. (107) | Kělangkung rěsah prangira,<br>mapan carub Husar kalawan Plangkir,<br>saking samya liwungipun,<br>měngkana wadya Islam,<br>mapan carub dharat lan kapalipun[21],<br>kawarnaha Sri Nalendra,<br>langkung wělas aningali, | Sangat kacau perangnya<br>bercampur husar dengan plangkir<br>sebab sama bingungnya.<br>Demikian prajurit Islam<br>bersatu antara prajurit darat dan berkuda.<br>Diceritakan paduka raja<br>sangat trenyuh melihat |
| 110. (108) | Dhumatěng prangnya kang wadya,<br>sabab sampun tan sagěd mundur sami,<br>Sri Nalendra nulya tulung,<br>ngajěngkěn pra dipatya,<br>lan ngulama nyaběť saking kanan iku,<br>měngkana laknat prangira, | pertempuran pasukannya<br>sebab sudah tidak bisa mundur lagi.<br>Paduka raja segera menolong<br>(dengan) memajukan para adipati<br>dan ulama menyerang dari arah kanan.<br>Demikian laknat perangnya |

[21] Kurang dua suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | kalindhih lumajěng sami, | terdesak dan lari semua. |
| 111. (109) | Dadya Islam sagěd běnggang,<br>samya mundur pan anglir den gěnteni,<br>laknat mapan unduripun,<br>lawan ngědrel sěnjata,<br>mas pěngulu kenging pelor lajěng dhawuh,<br>pan lumajěng kudanira,<br>lawan Kangjěng Pangran Behi, | (Prajurit) Islam bisa menerobos,<br>semua yang mundur seolah harus digantikan.<br>Laknat mundurnya<br>sambil memberondongkan senjata,<br>mas pengulu terkena peluru lalu jatuh<br>(dan) kudanya berlari,<br>dan (juga) Kanjeng Pangeran Bei |
| 112. (110) | Dhawah bandhang kang turangga,<br>Pangran Pakuningrat měngkana ugi,<br>mapan samya (**h163**) dhawah iku,<br>dadya mundur sadaya,<br>nanging kantun Sang Nata lan Pangran Prabu,<br>měngkana Raden Dipatya,<br>angundangi jěrit-jěrit, | terjatuh dan si kuda lari,<br>Pangeran Pakuningrat juga demikian.<br>Semuanya berjatuhan<br>jadilah mundur semua (prajurit).<br>Hanya tinggal paduka raja dan pangeran prabu,<br>demikian raden adipati<br>berteriak-berteriak, |
| 113. (111) | Sri Nalendra antenana,<br>Husar laknat sarěng miręng pan sami,<br>yen iku ingkang Sinuhun,<br>ingkang kantun pribadya,<br>Husar ingkang lumajěng pan samya wangsul,<br>ngěbyaki mring Sri Nalendra,<br>amběstul amědhangi, | “Paduka tunggulah”<br>husar dan laknat sama-sama mendengar<br>jika sinuhun<br>tinggal sendirian.<br>Husar berlari dan kembali<br>melakukan pengepungan kepada paduka raja<br>(sambil) menodongkan senjata dan pedang. |
| 114. (112) | Sang Nata angagěm Astra,<br>mapan sampun biněkta mělajěng ngampil,<br>Den Dipati saya bingung,<br>Sang Nata tulungana,<br>mapan kadya sampun karsaning Yyang Agung,<br>gěng coba mring Nalendra,<br>pra Dipati měksih gěndring, | Paduka raja memegang panah<br>sudah dibawa lari (oleh) *ngampil*.<br>Raden adipati semakin bingung<br>(ingin) menolong paduka raja,<br>seperti sudah kehendak Hyang Agung,<br>sangat besar cobaan kepada paduka raja.<br>Para adipati masih berlari cepat |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 115. (113) | Lan sagung kang pra ngulama,<br>lawan kaji nanging marmaning Widi,<br>Sang Nata mapan lěstantun,<br>denira mundurika,<br>nanging ingkang paman Kangjěng Pangran Prabu,<br>mapan kathah labět pědhang,<br>ngantos wur rasukaneki. | dan para ulama semua<br>juga haji. Atas kasih Sang Widi,<br>paduka raja tiada memiliki hambatan<br>ketika mundur.<br>Namun sang paman Kanjeng Pangeran Prabu<br>(memiliki) banyak luka akibat tersabet pedang<br>hingga pakaiannya compang-camping, |
| 116. (114) | Sabab ngampil ing Nalendra,<br>ingkang samya pasah datan punapi,<br>dadya lajěng sapihipun,<br>kang samya banda yuda,<br>Islam laknat mapan samya sayahipun,<br>(**h164**) měngkana Islam kang prapta,<br>dhumatěng sabilolahi, | sebab menemani paduka raja.<br>yang pada terkena (senjata) tidak mengapa<br>jadi setelah itu dipisahkan<br>(dengan) yang menjadi tahanan perang.<br>(Prajurit) Islam dan laknat sama-sama lelah.<br>Demikian Islam yang sudah<br>mati dalam (keadaan) syahid, |
| 117. (115) | Mas Dolah Prawirarada,<br>lan Mas Dolah Prawirayuda iki,<br>Mas Dolah Sumadipureku,<br>Den Mas Sělamět ika,<br>lan Mas Rangga Puthut Guritna puniku,<br>mapan kalih Suryagama,<br>Seh Khaji Amad Kayib, | Mas Dulah Prawirarada<br>dan Mas Dulah Prawirayuda,<br>Mas Dulah Sumadipura,<br>Raden Mas Slamet,<br>dan Mas Rangga Puthut Guritna itu<br>dengan dua (abdidalem) suryagama<br>Syekh Haji Ahmad Kayib |
| 118. (116) | Seh Khaji Muhamad Kasan,<br>laknatolah kělangkung kathahneki,<br>kang agěng agěng puniki,<br>mapan samya biněkta,<br>lajěng mundur dhumatěng Ngayokja puniku,<br>kang alit samya tinilar,<br>bělasah bangkene reki, | (dan) Syekh Haji Muhammad Kasan.<br>Laknatullah sangat banyak (jumlahnya)<br>yang (berpangkat) tinggi<br>pada dibawa<br>mundur menuju ke Yogya<br>(sedangkan) yang rendahan ditinggal<br>berserakan di tanah mayatnya. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 119. (117) | Měngkana Sri Naranata,<br>měsanggrahan aneng Prajěg puniki,<br>pan nanging aso sědalu,<br>enjang anulya budhal,<br>mapan kondur měsanggrahan dhatěng siluk,<br>ngasokakěn ingkang wadya,<br>laknat mapan kěndhak iki, | Demikian paduka raja<br>beristirahat di Prajeg,<br>tetapi hanya istirahat semalam<br>(pada) pagi hari lalu berangkat<br>kembali tinggal di Siluk,<br>akan mengistirahatkan prajuritnya,<br>(prajurit) Laknat ketakutan. |
| 120. (118) | Lami tan mědali yuda,<br>sarěng sampun aso Sri Narapati,<br>sagung ingkang wadya iku,<br>tědhak malih Nalendra,<br>mring Tangkilan lan putra santana sagung,<br>mapan along nu(**h165**)sul samya,<br>inggih Pangran Ngabdul Rakhim | Sudah lama tidak maju dalam perang.<br>Setelah selesai istirahat, paduka raja<br>bersama semua prajuritnya<br>turun lagi<br>menuju Tangkilan. Bersama putra sentana semua,<br>(mereka) memilih untuk menyusul.<br>(Mereka) adalah Pangeran Abdul Rahim |
| 121. (119) | Lan Pangran Suryawijaya,<br>Pangran Dipakusuma nuwun iki,<br>dados tindhih Husar iku,<br>měngkana wus linilan,<br>neng Tangkilan laknatolah lajěng nglurug,<br>sawarnine beteng nglimpak,<br>wus katur mring Sri Bupati, | dan Pangeran Suryawijaya.<br>Pangeran Dipakusuma meminta<br>menjadi pemimpin husar.<br>Demikian sudah direlakan<br>di Tangkilan. Laknatullah lalu menyerbu,<br>semuanya berkumpul di benteng.<br>Sudah dilaporkan kepada paduka raja, |
| 122. (120) | Lajěng animbali Basah,<br>Sri Nalendra mapan dipunaturi,<br>mundur sing Tangkilan iku,<br>kirang radin papanira[22],<br>tinurutan mundur mring Kěmojing iku,<br>nulya laknatollah prapta,<br>piněthuk tulungan malih, | lalu memanggil basah.<br>Paduka raja dipersilakan<br>mundur dari Tangkilan,<br>(walaupun) kurang baik tempatnya,<br>dituruti (dan) mundur menuju Kemojing.<br>Lalu laknatullah datang<br>dihadapi di Tulungan lagi. |
| 123. (12 | Kělangkung ramening yuda,<br>kang sěnjata barung lan mriyěmneki, | Amat sangat kacau pertempuran<br>bersenjatakan *barung* dan meriam. |

[22] Lebih satu suku kata

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| 1) | tan ana kuciwa iku,<br>Husar pan samya Husar,<br>laknatolah mapan kathah ingkang lampus,<br>Husarnya kathah kang modar,<br>dadya kalindhih prangneki, | Tidak ada yang mengecewakan.<br>Husar melawan husar,<br>laknatullah banyak yang tewas<br>banyak husar yang mati<br>sehingga (laknat) terdesak dalam perang ini. |
| 124. (12 2) | Islam panděrek kěwala,<br>laknatolah kěkecer bangkeneki,<br>lajěng samya ngungsi iku,<br>laknat mring beteng brěja,<br>yen sampuna sělak kasaput ing dalu,<br>lawan manjing be(**h166**)teng samya,<br>kados laknat tělas modar, | Islam *panderek* saja<br>mayatnya (prajurit) laknat tersebar<br>lalu melarikan diri.<br>Laknat menuju benteng Breja<br>tapi keburu memasuki waktu malam<br>dan masuk benteng semua.<br>Laknat mungkin sudah habis tewas. |
| 125. (12 3) | Islam wangsul pambujungnya,<br>mapan kathah angsal bandhangan sami,<br>sanjata lan kapal iku,<br>mapan wus tan winarna,<br>Pangran Behi lan Raden Dipati matur,<br>ngaturakěn pambagira,<br>Basah myang kang pra dipati, | (prajurit) Islam kembali memburunya,<br>banyak mendapatkan rampasan<br>(seperti) senjata dan kuda<br>lalu sudah tidak diceritakan.<br>Pangeran Bei dan raden adipati meminta<br>diberikan pembagiannya<br>pada basah dan para adipati. |
| 126. (12 4) | Sri Nalendra ingaturan,<br>lajěng tědhak dhumatěng Sambiradin,<br>měngkana mapan tinurut,<br>Budhal Sri Naranata,<br>lawan sagung sawadya kuswa Sědarum,<br>sagung beteng kang kamargan,<br>mapan kathah den běsmeni, | Paduka raja dimohon<br>turun menuju Sambiradin,<br>demikian dituruti.<br>Paduka raja berangkat<br>bersama seluruh prajuritnya semua.<br>Seluruh benteng yang ada di sepanjang jalan<br>banyak yang dibakar. |
| 127. (12 5) | Jendral Dhe Kok duk miarsa,<br>langkung gugup lamun Sri Narapati,<br>měsanggrahan candi iku,<br>měngkana mapan nulya,<br>tinurutan mapan karsaning Yyang Agung,<br>Islam datan purun yuda,<br>mapan nanging ngolah ngalih, | Jenderal De Kock ketika mengetahui<br>(menjadi) sangat gugup jika paduka raja<br>tinggal di Candi itu,<br>demikian lalu segera<br>dituruti. Atas kehendak Hyang Agung,<br>Islam tidak ingin berperang<br>hanya menghindar saja. |

| No. | Alih Aksara | Terjemahan |
|---|---|---|
| | | |
| 128. (126) | Denira amĕsanggrahan,<br>salaminya Nata neng Sambiradin,<br>lamun linurugan iku,<br>nanging ngalih kewala,<br>nadyan laknat pan kĕndho panglurugipun,<br>pan datan prĕrang samya,<br>nanging bĕng ubengan iki, | Olehnya tinggal<br>selama paduka raja di Sambiradin<br>jika diserang<br>hanya akan menghindar saja<br>Walaupun laknat telah mengendur serangannya<br>pada tidak ingin bertempur<br>hanya berputar-putar saja. |
| 129. (127) | Sang Nata nimbali Basah,<br>(**h167**) paran marma dene tan prĕrang iki,<br>Den Basah tan sagĕd matur,<br>mapan katiga pisan,<br>Pangran Behi mĕngkana ingaturipun,<br>bilih marĕngi Nalendra,<br>punika rĕmbagnya sami, | Paduka raja memanggil basah<br>“Apa sebab kok tidak berperang?”<br>basah tidak dapat menjawab<br>yang ketiga juga.<br>Pangeran Bei demikian laporannya<br>apabila paduka raja berkenan<br>ini keputusan bersama. |
| 130. (128) | Paduka mapan ngaturan,<br>lajĕng tĕdhak dhatĕng mancanagari,<br>Sang Nata duk mirsa iku,<br>mring ature kang paman,<br>dadya mesĕm lawan angandika arum,<br>mendah paman kang tinilar,<br>asmaradana gumanti, | Paduka raja dipersilakan<br>turun menuju mancanegara.<br>Paduka raja ketika mengetahui hal itu<br>berkata pada sang paman<br>dengan tersenyum dan berkata pelan<br>“Bagaimana paman, dengan yang ditinggal”.<br>Asmaradana (yang) menggantikan. |